Waccin COVID-19 yi: Li magi New York yi wara xam mooy

Nit ñi seeni àt tollu ci 60 ak luko ëppu ma nañoo jot ci waccin COVID-19 yi. Amna ñetti waccin yu jàppandi: Pfizer-BioNTech, Moderna, ak Johnson & Johnson/Janssen.

Lan motax waccin COVID-19 am solo ci ñi gënë féete mak?

Doonte kunekk feebar bii di COVID-19 man nala dal, amna ay risk yu doywaar ci yenn àt yi. Feebaru COVID-19 gu tàr mannako yobbe ñu antare ko hopitaal, walla pac mu jeggi dayo, walla mu dem reanimation, walla mu faatu. Yenn ci feebar yu doy waar yi, yu deme ni cancer, walla feebaru rein bu koronik, walla diabete, ak yeneeni feebaru xol, dañuy yokku risku COVID-19 bu metti.

Ndax waccin COVID-19 yi danañ aar ci feebar bi ak ndax baax nañ?

Waaw. Ñi seen xamxam macci ci wallu siaans ñingi sukkëndiku ci ay fukki àti gëstu ngir amal yeneeni waccin biñu defaree waccin COVID-19 yi. Def nañ ab gëstu kilinik bu yaatu ci waccins yi ñeel ay fukki junni ci ay nit wuute ci àt, ak xeet ak làkk. Waccins munu ñulaa jox feebar bii di COVID-19.

Buñu sukkëndikoo ci gëstuy kilinik yi, ñeti waccin yepu lañu jàppu ni baax nañ te xereñ nañ ciaar nit ñi ci jàngoroy COVID-19, tëdd feebar walla faatu.

NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY

NYC Health

Ndax waccin yu COVID-19 am nañ ay efee segondeer?

Lu ëppu ci nit ñi dañuy xamle ay efee segondeer, yu melni ay yoxo yuy meti, boppu buy meti ak yaram yuy meti walla coono walla yaram yuy tàngg. Efee segondeer yi lu gënë bari dañuy jeex ginaaw ñaar walla ñeti fàn, te bariwul di àm ci màg ñi. Nanga woo kilay facc bu fekkee ni dangaa àm ay efee segondeer bu koontinee gannaaw ay bés, walla bu fekkee ni fiñula pikiiroon dafa gënë dereetal walla bu metiit bi yookoo ganaaw 24 waxtu.

Ndax soxla naa waccin COVID-19 bu fekkee ni jël naa waccin bu grippe?

Waaw. Waccin bu grippe bi dula aar ci COVID-19. Gannaaw banga xamee ni ñi gënë màk dañuy àm ay jafejafe yu bayyiko ci grippe ak ci COVID-19, kon ñoom ñaari waccin yéppu lañ wara jël. Danga wara jël sa waccin COVID-19 ak sa waccin grippe ci digënte boo xamni lumu gàt gàtt tollu na ci 14 fàn.

Ndax woorna may génn sama kër ngir di dem ñakku?

Jël nañ yeneeni matuwaay ci bërëb yiñuy ñakkoo ngir aar ñiy ñakku ak doktoor yi, u melni joxe ay rendez-vous ngir ñu baña dajaloo ci bërëbu ñakkukaay yi. Képpu ku ñëw ci bërëbu ñakkukaay yi dafa wara sol mask ci jamono bunek.

Nan laa mana demee ci sama bërëbu ñakkukaay?

Sa transpooru dem ak dikk ci bërëbu ñakkukaay bi te jàppandi na ci ñi seeni àt tollu ci 65 ak luko ëppu. Boo jëlee rendez-vous ci sa ci bërëbu ñakkukaay, dinañ la jox ay xibaar yu aju ci sa transpoor. Bu fekkee ni danga jël transpooru publik, nanga fexee jël yoon bi gënë gaaw te gënë néew mbooloo. Ningay tukee amul solo, li àm solo daal mooy nga soree nit ñi lu tollook 6 pié, te nga sol mask, di diw sel ci say yoxo, ta ngay moytoo laal sa kanam.

Ñakku bi ñaata lañuciy fay?

Ñakk yi dañleen koy jox ta dungeen fay dara. Sa asiiraans mokoy fay, waaye amul benn fere buñulay laac ci lu jëm ci waccin bi.

Fan laay ñakkoo?

Bu fekkee ni danga dëkk ci këru fajukaay walla ci bërëb buñuy fajee ay nit, man nga faa ñakkoo. Budul loolu, man nga sakku rendez-vous boo:

- Duggee ci siit bii di **nyc.gov/vaccinefinder** ngir sakku bërëbu ñakkukaay
- Wooteel ci 877-829-4692 ngir sakku bërëbu ñakkukaay ci NYC
- Jokkoo ak sa doktoor walla sa farmacien ndax dañuy maye ñakku gi

Ndax dama wara wane luy firndeel ni manaa ñakku?

Waaw. Dangaa wara rampiliir formileeru waccin COVID-19 bu dëkup New York (NYS) si sit bii di **vaccineform.health.ny.gov** balangaa ñakku. Dangaa wara wane këyit gul dëggël àt yinga àm (lu melni paaspoor walla këyitu judd) ak luy dëggël ni New York nga dëkk (lu mel ni faktiir, walla ay leetar yo jot, walla kontrawu luyer kër, walla këyitu tayle kër). Ab peermi koondiwiir bu NYS walla CNI bu NY man nañkoo jëfëndikoo ngir ñaar yépu. Boo bëggee xam listu firnde yinga wara indi, dugël ci sit bii di **nyc.gov/covidvaccine**.

Ndax sama fac kat yi walla sama jàppalekatu doktoor yi danañ ñakku?

Waaw. Fac kat yi walla ak jàppalekatu doktoor yi, ak doktoori hopitaal yi ak ñiy ligéey ci kër doktoor ñooy njëkë ñakku. Dañoo wara jël rendez-vous daadi indi firnde bu wane ni New York lañu dëkk walla ñu fay ligéeye.

Ndax mannaa bayyi daw jegee bi ak bayyi sol mask gannaaw bama ñakkoo ba pare?

Deedet. Doonte xam nañ ni ñakk yi baax nañ te xereñ nañ bubaax ngir aar nit ñi ci jàngoroy COVID-19, warnañ cee gënë xam lu bari ci ni ñakk yi aare nit ñila jege te ñakku wuñu. Ku nekk dafa wara koontine di respekte digley doktoor yi: di took ci kër gi boo febaree, di sori nit ñi lu tollu ci 6 pie, ta ngay tàkk mask ak di raxas say yoxo.

Bo bëggee gënë àm lula leer ci COVID-19, jokkol ak sa fac kat, walla nga woote ci **311** walla nga dugu ci siit bii di **nyc.gov/covidvaccine**.

Ngir nga àm listu serwiisu yombal yi ak ndimbël yiñu jàgleel màgi New York yi ci jamonoy xeex COVID-19, nanga dugu ci siit bii di **nyc.gov/aging/covid19**.

Serwiisu Wergi yaram bu NYC mannaa amal ay copite sukkëndiko ko ci situasion bi. **3.10.2021**

Español | Русский | 繁體中文 | 简体中文 | Kreyòl ayisyen
한국어 | বাংলা | Italiano | Polski | العربية | Français | اردو | יידיש

nyc.gov/aging/covid19